

Ki jan dyabèt ka afekte kò ou



Dyabèt ka afekte anpil pati nan kò ou. **Lè sik nan san an rete elve, je ou, kè ou, ren ou, ak nè yo ka andomaje.** Byen pran swen tèt ou jodi, ka ede w evite pwoblèm demen.



Pwoblèm nan kè

Sik elve nan san ka domaje kè ou ak veso sangen yo. Li ka ogmante tou risk pou atak kè oswa konjesyon serebral.



Pwoblèm nan ren

Lè sik nan san ou oswa tansyon ou wo, sa ka lakòz domaj nan ren yo. Apre yon tan, sa ka lakòz ren ou yo sispann travay. Gen kèk moun ki gen pwoblèm nan ren ki ka bezwen yon tretman ki rele **dyaliz (dye-AL-a-sis)** pou fè kèk nan travay ren yo te konn fè. Gen lòt ki ka bezwen yon nouvo ren.



Pwoblèm nan je

Sik elve nan san ak tansyon wo ka lakòz veso sangen yo domaje nan retin lan (pati dèyè je a). Yo rele sa **retinopati (ret-tin-AH-pa-thee)**. Apre yon tan, pwoblèm nan je yo ka fè li difisil pou wè oswa ka menm lakòz avègleman.



Pwoblèm nan pye

Dyabèt ka andomaje nè nan pye ou yo, yon kondisyon yo rele **nivopati dyabetik. (dahy-uh-bet-ik noo-rop-uh-thee)**. Sa ka fè yo santi yo angoudi oswa pikotman. Li kapab tou anpeche yo santi chalè, fred, oswa doulè.

Nè ki andomaje yo ka lakòz yon move sikilasyon san nan pye ou. Sa fè li pi difisil pou yon koupri oswa yon blese geri epi li ka mennen ak anpitasyon.

Founisè swen sante w ta dwe egzamine pye w nan chak vizit.



Pwoblèm nan bouch

Sik elve nan san ka lakòz enfeksyon nan bouch ou, ki ka mennen doulè ak pèt dan. Enfeksyon nan bouch kapab tou fè li pi difisil pou kenbe sik nan san ou ba.

Prevansyon pwoblèm sante ki te koze pa dyabèt

Jesyon dyabèt ou a ka ede w anpeche pwoblèm sante ki koze pa dyabèt. Tablo ki anba a ka ede w suiv etap founisè swen sante w la ka sijere.



Pran tablo sa a nan pwochen vizit ou a. Mande founisè swen sante w pou ranpli li avèk ou.



Mezi mwen ka pran	Konbyen fwa mwen ta dwe fè sa?	Ki objektif mwen?
Egzanp: Tcheke sik nan san mwen lakay mwen	Egzanp: Tcheke chak maten, oswa osi souvan ke doktè mwen preskri	Egzanp: Anvan manje 80-130 mg/dl (oswa sa doktè mwen rekòmande)
Tcheke sik nan san mwen lakay mwen		
Tcheke pye m yo pou maleng, koupi, oswa ti anpoul ki pa geri		
Tcheke tansyon mwen		
Tcheke bouch mwen pou siy pwoblèm; fè dantis mwen netwaye epi tcheke bouch mwen		
Fè tcheke A1c mwen ak lipid nan san mwen (kolestewòl ak trigliserid).		
Fè tcheke san mwen ak pipi pou maladi ren		
Fè yon egzamen je konplè		

Pou aprann plis sou pwoblèm sante ki gen rapò ak dyabèt, vizite sitwèb Asosyasyon Ameriken Dyabèt la sou www.diabetes.org or call oswa rele 1-800-DIABETES (1-800-342-2383).